



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ 14.7 MILYON DOLA POU TRANSFÒME
ANSYEN LEKÒL 77 LA AN YON INITE LOJMAN BON MACHE NAN BUFFALO**

Lekòl Piblik la Pral Tounen Lojman Bon Mache ak Sant Kominotè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon pwojè 14.7 milyon dola pou transfòme ansyen Lekòl piblik 77 Vil Buffalo ki vid la an yon sant kominotè ki genyen 30 apatman bon mache pou granmoun, espas biwo, espas kominotè, yon sal jimnastik ak yon oditoryòm pou yon konpayi teyat lokal. Eta a ap fè patenarya pou pwojè Fon pou yon Meyè Buffalo sa a (Better Buffalo Fund, BBF) avèk PUSH Buffalo, yon òganizasyon lokal, san bi likratif, ki baze nan kominote a e ki rekoni sou plan nasyonal, ak enstitisyon devlopman lojman li, ki se, Buffalo Neighborhood Stabilization Company, Inc. BBF se yon finansman 40 milyon dola nan kad inisyativ Buffalo Billion an ke yo dedye pou pwojè yo ki ankouraje dansite ak kwasans sou koridò transpò yo, epi revitalize vwazinaj distrik komèsyal yo, ankouraje transpò altènatif ak sikilasyon pyeton.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Transfòmasyon pwopriyete ki abandone sa an yon sant kominotè dinamik ap ede ranfòse kominote sa, founi lojman bon mache ki nesese pou granmoun yo epi pouse ekonomi Buffalo a plis. Pwojè tankou sa yo ap rann katye atravè vil Buffalo yo pi abòdab epi atraktif, k ap ofri sèvis ak opòtinite ke kominote yo bezwen pou yo pwospere pou ane k ap vini yo.”

Atravè yon pwojè planifikasyon katye, manm kominote yo chwazi antre divès itilizasyon pou nouvo etablisman an. Premye etaj imèb la ap loje espas biwo pou PUSH ak Peace of the City (Lapè nan Vil la), yon òganizasyon lokal ki ede devlope jèn yo an antreprenè. Ap genyen espas kominotè pou pwogramasyon, yon sal espò renove, e y ap transfòme oditoryòm nan an yon nouvo fwaye pou Konpayi Teyat Ujima (Ujima Theatre Company), yon òganizasyon k ap fonksyone nan Buffalo depi plis pase 20 an.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare: “Fon pou yon Meyè Buffalo ap pote renesans vil la lè l resikle pwopriyete ki vid epi abandone yo epi enspire nouvo vi nan katye nou yo. Atravè patenarya PUSH Buffalo ak Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York la (Homes and Community Renewal, HCR), Lekòl 77 la ap vin yon espas lavi, aprantisaj ak opòtinite dinamik, yon lòt fwa ankò. Mwen felisite tout moun ki enplike pou rann investisman 15 milyon dola sa posib, nan avni nou.”

Enstalasyon yo genyen ladan yo, yon sal kominotè ki gen kwizin, espas anplennè pou chita, sal lesiv ak yon lakou. Imèb la ap genyen fonksyonalite eko-enèji ak ekolojik tou tankou enèji solè kominotè.

Finansman pou devlopman an enkli 1.6 milyon dola ki soti nan Fon pou yon Meyè Buffalo, Empire State Development (ESD) lan; ansanm ak 1.75 milyon dola nan sibvansyon Fon Envestisman Kominotè a (Community Investment Fund), 630,000 dola nan Kredi Enpo sou Revni Lojman Bon Mache ak 200,000 dola nan lajan Housing Trust Fund, tout soti nan Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York. Pwojè a resevwa tou 30,000 dola ki soti nan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèjetik Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), 4.23 milyon dola nan Fon pou Kredi Enpo Federal (Federal Historic Tax Credit Equity) ak 460,000 dola nan Fon HOME, vil Buffalo.

Depite Brian Higgins te deklare: “Pwojè restorasyon kreyatif sa, sou inisyativ PUSH Buffalo, ap transfòme ansyen lekòl sa an yon espas kominotè vivan, yon fwa ankò. Se dènye egzanp wòl ki enpòtan anpil, finansman federal HOME ak kredi enpo yo jwe tou nan restriktirasyon estrikti istorik yo pou yo reponn a bezwen aktyèl yo epi rebati katye nou yo.”

Manm asanble Sean Ryan te deklare: “Nouvo Lekòl 77 la ap transfòman pou Kot Lwès (West Side) Buffalo a. Fon pou yon Meyè Buffalo la ap asire ke Nouvo Buffalo a atenn tout katye nan Vil Buffalo. Nou gen chans pou n genyen PUSH Buffalo nan kominote nou an, e dènye kolaborasyon sa ak HCR la se yon egzanp prensipal de travay kontini ke y ap fè.”

Majistra Byron W. Brown te deklare: “Sa se yon lòt egzanp ankò de enpak pozitif Fon pou yon Meyè Buffalo Gouvènè Andrew Cuomo a, k ap amelyore katye atravè Vil Buffalo yo. Depi 2015 lè Fon pou yon Meyè Buffalo te tabli nan kad pwogram Buffalo Billion Gouvènè a, yo te akòde yon total 20.7 milyon dola bay 35 pwojè atravè Vil nou an. Devlopman pwojè lojman revni miks se yon bagay ke Administrasyon m nan te travay sou li nan fason ki agresif pandan 11 ane ki pase yo, e jiska jodi a, Fon pou yon Meyè Buffalo te founi fon pou ede nan kreyasyon 450 nouvo inite rezidansyèl, kote majorite nan yo se lojman bon mache.”

Konseye David A. Rivera te deklare: “Mwen tresayi ak jwa ke jou sa rive finalman. 4 an de sa, mwen te rankontre manm kominote PUSH yo pou diskite sou kijan nou ta ka sove Lekòl 77 la antanke resous kominotè ke li te ye depi anpil ane. Li te enpòtan anpil ke imèb sa rete ouvè pou kominote a te itilize l. Pami tout nouvo devlopman nan Kot Lwès la ak nan Buffalo, li enpòtan pou nou devlope pa sèlmen pou n mennen nouvo moun nan Buffalo, men pou pote amelyorasyon pou sila yo ki abite nan katye sa yo pandan plizyè deseni e k ap leve pwochèn jenerasyon an nan menm katye a. E se egzakteman sa Fon pou yon Meyè Buffalo te fè pou Buffalo, ki se pote amelyorasyon nan nivo katye a. Mwen felisite PUSH Buffalo pou realizasyon enòm sa e mwen remèsye PUSH pou angajman li pou l pote sa kominote a bezwen nan kominote a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li nan Buffalo e paske li pote solisyon ki

inovan sou fason pou estimile ekonomi an ak kwasans nan echèl katye a. Mwen remèsye Majistra Brown ak administrasyon li a paske yo travay ak biwo mwen an ak PUSH pou transfere pwopriyete sa pou devlopman enpòtan sa. E mwen enpasyan pou selebre premye match baskètbòl la nan sal espò a, ak premye pwodiksyon Ujima ak Peace of the City nan oditoryòm nan.”

Prezidan, PDG ak Komisè ESD Ian, Howard Zemsky te declare: “Fon pou yon Meyè Buffalo ap rann kominote nou yo pi dinamik lè l sipòte devlopman izaj miltip ki favorize e ki apiye fabrik iben wot dansite e ki divèsifye Buffalo a. Pwojè Lekòl 77 la enkòpore prensip kwasans entelijan nou yo e se yon ekselan egzanp sou fason reutilizasyon imèb istorik yo ka ede revitalize yon katye pandan l ap kreye yon anviwonman ki pi atraktif pou envestisman prive.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York, te deklare: “Mwen felisite PUSH Buffalo ak tout patnè yo k ap rann reyabilitasyon istorik ekselan sa posib. Lekòl 77 la ap pèmèt granmoun yo viv nan yon kay ki konfòtab, bon mache, epi rete angaje nan kominote yo a. Devlopman sa se yon gwo egzanp de efò Gouvènè Cuomo pou envesti nan vil New York yo pou kreye katye ki solid, vital ki gen plis opòtinite. HCR fyè pou l fè pati renesans Lekòl 77 la.”

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG NYSERDA te deklare: “Pwojè sa montre kijan eta a ap travay ak kominote lokal yo pou founi lojman ki pwòp, konfòtab epi a bon mache. Rezidan ak biznis lokal yo genyen, menm jan ak tout Nouyokè, pandan n ap atenn estrateji Gouvènè Cuomo a pou livre yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi abòdab e ki pi rezistan.”

Rahwa Ghirmatzion, ki se direktè adjwen PUSH Buffalo, te deklare: “Nou kontan anpil pa sèlman pou pwojè a, men pou pwosesis transfòmasyon an tou ki angaje rezidan kominote yo pou yon peryòd de zan. Kominote a te bezwen lojman bon mache pou granmoun yo e pou imèb la te yon sant kominotè reyèl, e se plan devlopman sa ke nou te kreye.”

###